



## Piblisite pou Aktivite Etidyan yo, Dwa ke yo Kapab Soti Nan Piblisite

Chak ane lekòl lan bay anpil opòtinite pou yo pibliye ak selebre aktivite elèv yo. Piblisite ka pran anpil fòm diferan, ki gen ladan men pa limite tankou: foto pandye nan mi lekòl la oswa parèt sou monitè televizyon lekòl la; degaje nouvèl, foto ak videyo soumèt nan televizyon, radyo ak jounal; medya entèvyou, istwa, fotografi ak videyo pou televizyon, jounal oswa radyo istwa (nan diskresyon sou lod direktè lekòl la); Komisyon Konsèy la montre Edikasyon; evènman espesyal; videyo pou itilize lekòl oswa pou istwa televizyon pou piblikasyon nan bilten lekòl la oswa pou montre nan Konsèy Depatman Edikasyon degaje nouvèl; afich sou paj wèb lekòl la ak / oswa Komisyon Konsèy la nan sit entènèt Depatman Edikasyon oswa lòt sit entènèt ki asosye ak lekòl la oswa sistèm lekòl nan; oswa sou entènèt ki pou enstriksyon.

Lekòl sa a ak Lekòl Leta DISTRI WICOMICO yo trè fyè de reyalyasyon elèv yo, e nou konnen ke paran yo ak gadyen yo santi menm jan avek nou. Piblisite kapab yon pati enpòtan nan eksperyans lekòl pozitif elèv yo. **Paran / Gadyen ki ta renmen pitit yo enkli nan opòtinite piblisite pa bezwen pran okenn aksyon sou avi sa a.**

**Nenpòt paran / gadyen ki pa ta vle gen pitit yo parèt nan piblisite ka avize lekòl elèv lan pa moyen ekri ke elèv la deside soti nan piblisite. Avi sa dwe founi bay lekòl la pa moyen ekri nan lespas de (2) semèn depi nan premye jou a nan yon nouvo ane lekòl, oswa de (2) semèn sou dat ki sou enskripsyon elèv la nan yon lekòl Distri Wicomico pandan ane lekòl lan.** Lekòl la ap kenbe yon dosye sou elèv ki te opte soti nan piblisite yo. Yon paran / gadyen ka chanje estati piblisite yon elèv nan nenpòt ki lè lè yo bay avi alekri nan lekòl la nan.

Tanpri note ke sèten aktivite nan lekòl yo gen aspe piblik nan nati yo, ak piblisite ki nan fòm foto, vide yo, sa ki poste nan sosyal medya, elatriye se de bagay ki pa souvan nan kontwòl lekòl la oswa lekòl sistèm lan. Sa a gen ladan li evènman tankou konsè, pwogram rekonpans, atletik andeyò, distri konpetisyon, sho atizanay nan tout distri yo, ak evènman finisman ane a tankou seremoni pwomosyon ak seremoni gradyasyon kòmansman lekòl segondè. Non elèv ap parèt nan pwogram evènman sa yo, sou lis woulo elev ki fe not onè, sou travay atistik ak nan albòm pwomosyon (ansanm ak yon foto) sof si paran / gadyen an fè yon eksepsyon separe byen espesifik, e pui yon demann alekri pou non elèv la ak / oswa imaj elev la anpeche pou anpeche l pibliye.

Tanpri kontakte lekòl elèv ou a si ou gen nenpòt kesyon. Mèsi anpil, epi pase yon gwo ane lekòl.